

# KIYÈS SA A?

 Bondye beni w, frè. Sa tèlman bèl pou rive nan kay Seyè a.

<sup>2</sup> M panse ke m t ap etidye kèk Ekriti, sa fè kèk tan, e Sa te di ke lè Jezi te toupre Jerizalèm, disip yo te leve je yo epi yo te wè vil sen an de lwen, e yo te kòmanse ap rejwi pou ap di, ke, "Kounye a wayòm lan pral retabli."

<sup>3</sup> E te gen yon nonm ki t ap rakonte, oswa t ap pale de yon dènye vizit nan Palestin, e li t ap di ke moun kounye yo, nan dènye ane a, yo te rive nan yon pwen kote, lè yo monte kite vale a pou ap gade nan koub la, menm wout ke Jezi ak disip yo te pran nan epòk sa, lè yo wè vil la, yo kòmanse kriye.

<sup>4</sup> Nou konnen, m kwè, gen yon bagay disip sa yo, nan jou sa yo, yo te santi, ke—ke wayòm lan t ap retabli ankò.

<sup>5</sup> E kounye a li preske tan. E mwen kwè ke se santiman ki anime moun yo, ke wayòm lan prèske pare pou l retabli ankò.

<sup>6</sup> Frè Neville, presye pastè beni nou an, fek pale avè m de jefò pou yon revèy ki gen pou vin isit la nan tabènak la, nan kèk sware, epi pou priye sou sa. E m te di l, ke m te panse ke se t ap yon benediksyon.

<sup>7</sup> Ou jis pa ka janm gen twòp revèy. E anpil fwa nou gen yon move opinyon sou sa yon revèy ye. Yon revèy se pa tèlman pou mennen nouvo manm, men se pou reveye sa nou deja genyen. E mwen...

<sup>8</sup> M ta renmen di sa a, paske m ap di l depi fon kè mwen. M kòmanse jwenn yon santiman diferan nan tabènak la de sa l te ye depi lontan, yon santiman—yon sans espirityèl pwofon, tankou sa te konn ye, sa fè trè lontan; yon bagay ki regle, e ki gen yon veritab fondasyon. E m gen konfyans ke Bondye pral beni ti legliz sa, epi...?...ankò nan pwisans li.

<sup>9</sup> M wè pwogram konstriksyon an ap kontinye, e m panse ke se yon gwo bagay. Paske, to ou ta, nou menm moun ki aje yo nou pral depoze zam pou remèt yo nan men timoun nou yo, epi nou pral monte Eskalye annò sa.

<sup>10</sup> Lòt jou m te pase mwatye chemen sa, m te gen senkantan. M jis pa ka reyalize sa. Sanble sa pa fè lontan depi m te konn ap livre pwovizyon pou Chris Meisner, apeprè dizwit, sèz, dizwitan. Men tan an annik pati kèkpa. Sa jis montre ke isi a nou pa gen okenn vil ki pèmanan, men n ap chache Youn k ap vini. È sa se Vil kote Bondye se konstriktè a, e p ap janm gen fen la a.

<sup>11</sup> Maten an, pandan ke m t ap pale sou sijè Fèt dè Mè a, pou ap eseye reprezante manman an pa jan l ye tout bon an, nan vyeyès li, ak rid, e tout bagay sa yo, sou beki, oswa yon vye chèz woulant, oswa nan fotèy, ak yon ti po flè ki poze bò kote l; men manman

an nan rezirèksyon, ki retabli nan jenès li, e ki kanpe, ap briye tankou yon rèn. Se konsa m renmen panse a manman m. M pa renmen ap panse a li jan l ye jodi a, granmoun. M renmen panse a sa k ap vini an. E m konnen ke nou santi nou menm jan an konsènan manman nou. Panse a li jan l ye vrèman nan kè l. Menm si anpil... jan powèt la di a, "Lavi a pa t fasil pou li, men l ap gen pou reviv tout sa ankò, jis pou fè yon bagay pou ou." Kifè Bondye pral fè sa yon fason pou manzè ka viv pou tout tan avèk ou. Alò m kontan pou sa.

<sup>12</sup> M pa konn poukisa, m te fè anons sa, maten an, ke m ta pral preche aswè a, si Seyè a vle, sou: *Kiyès Sa A?* Se sèten m pa konn kijan m pral fè sa. Men m te okipe jiska gen apeprè inèdtan dis minit de sa, avèk entèvyou tout apremidi a, e m te gen ka espesyal ak—ak apèl ijan. M pa t ka fè yo.

<sup>13</sup> E m vle nou kontinye priye pou Doktè Sam. Li—li kòmanse ap fè mye, e nou gen rekonesans. Doktè Baldwin ak Madam. Baldwin toulède kòmanse retabli. Y ap fè mye.

<sup>14</sup> M vle nou mete yon nouvo moun sou lis priyè nou, apremidi a. Se Harry Lease anba la, famasyen an. Harry se yon zanmi pèsonèl mwen. E depi lè m konnen l, m panse li te yon Kretyen, jiska apremidi a, lè frè l la te fè demann pou sali nanm li. Frè Mike Egan te transmèt... administratè nou an isit la, te transmèt nouvèl la. E Harry nan yon kondisyon grav, aleksteryè nan lopital la. M pa t konnen ke l te konsidere m anpil; men, li te vire do bay pwòp pastè l, apremidi a, oswa pastè legliz kote l ale a, e li te vle m vin wè l. E m vle al wè l. Kifè, priye pou Harry.

<sup>15</sup> Nou kontan isi a, aswè a, pou rekonèt, zanmi m yo isi a, ki soti Georgia, Frè Welch Evans ak fanmi l. M wè, tou, lòt vizitè ke m pa konden, petèt ke yo te isit la maten an.

<sup>16</sup> Si m pa twonpe m, m wè Frè ak Sè Elmer Collins dèyè a la, ki soti Phoenix, Arizona. O, nou pa chanje nou. Sanble ke nou te oblige pote rad vwayaj tren an sou nou, kòmsi—kòmsi nou soti dirèk de ray la. Enben byenvini lakay nou! M pa ka mande nou pou nou rete isi a, paske nou jwenn yon kote ki pi bon, ou wè, ki trè byen, se Phoenix. M ta renmen viv la, yon jou, mwen menm.

<sup>17</sup> Epi m wè Frè Smith la, moun Legliz de Dye, lòtbò la. Frè Smith, yo te ban m, ti liv ou a, lòt jou, oswa yè apremidi, nan ta. M pokò li l, men sètènman m ap andose l, tan ke m konnen ke se ou ki ekri l. Li dwe veritab, Ekriti tout bon. Ke Bondye beni w. E m espere ke l ap yon sikse.

<sup>18</sup> Ak anpil lòt, m te ka di. Nou tout byenvini isi a nan tabènak la. M te apresye kantik sa, maten an, ke Sè Stricker te chante a, "L ap gade, manzè, atravè griyaj la." Frè Menonit mwen yo isit la, m kontan genyen yo. Epi, o, nou tout! Yon zanmi la, m kwè, ki soti Illinois, pitit gason l ap fè anrejistreman dèyè a, m oblige rankontre yo ankò. Epi sitèlman, m ka... Pa panse m ap meprize nou si m pa site non nou, men m swete nou tout byenvini.

<sup>19</sup> Kounye a annou li aswè a, pou leson Ekriti a, nan Matye chapit 21, kòmanse nan vèsè 1, epi n ap li jiska, vèsè 11, enkli.

*E lè yo te pwoche Jerizalèm, li te rive, e yo te rive Bètfaje, toupre mòn Oliv la, apre sa Jezi te voye de disip,*

*Li di yo: Ale nan bouk ki devan nou an, kou n a rive n ap jwenn yon manman bourik ki mare, epi yon jenn ti bourik avè l: lage yo, epi mennen yo ban mwen.*

*E si yon moun di nou kichòy, n a reponn: Seyè A gen bezwen yo; menm lè a la kite nou ale ak yo.*

*Sa te rive konsa, pou pawòl pwofèt la te di a te ka rive vre,*

*Ale di... pitit fi Siyon yo, Gade, men Wa nou an ap vin jwenn nou san lògèy... Li moute yon bourik, yon ti bourik dèyè manman.*

*E disip yo ale, yo fè tou sa Jezi te bay yo lòd fè a,*

*Yo mennen manman bourik la, ak jenn ti bourik la, epi yo mete rad yo sou bêt yo, epi yo te mete l chita sou li.*

*Epi yon foul moun te tann rad yo atè sou chemen an; epi yo te koupe branch bwa, epi yo mete yo atè nan chemen an.*

*Ni foul moun ki t ap mache devan, ni sa ki t ap swiv, te rele, yo di, Ozana pou pitit David la: Benediksyon pou moun ki vini nan non Seyè a; Ozana pou Bondye jouk anwo nan syèl la.*

*E lè l te rive Jerizalèm, tout vil la te tèt anba, moun yo t ap di, Ki moun sa a ye?*

*Epi foul moun yo te reponn, Sa se Jezi pwofèt Nazarèt la...*

Annou bese tèt nou pou priye.

<sup>20</sup> O Seyè, noujis mande tèt nou kisa nou t ap di, si nou te viv nan epòk sa yo. Men n ap viv nan yon jou ki pi gran, kote n ap tann lè L ap vini. E pandan n ap prepare nou, Seyè, ap prepare kè nou, epi ap pote tout jèb ke nou ka rasanble nan chan mwason yo, alafwa lakay e byen lwen, n ap panse e n ap antisipe lè nou pral wè L k ap vini, ap monte yon cheval blan, ap desann sot nan pòtay Laglwa yo, pou chanje epi transforme vye kò kòwonpi nou yo, vin yon kò glorye tankou pwòp kò pa L, kote pa ka gen okenn peche ou okenn siy lanmò ka janm antre. E nou va wè L jan L ye a, epi n ap viv, epi n ap renmen L atravè tout laj k ap vini yo.

<sup>21</sup> Nou remèsyé W pou legliz sa ak pastè li, epi pou administratè yo ak dyak yo, e pou chak moun k ap vin isi a; e pou vizitè yo ki nan pòtay nou yo, se mouton ki nan menm patiraj la, men ki soti nan yon lòt anklo. N ap mande W pou beni yo, aswè a, ak Prezans Ou.

<sup>22</sup> Epi nouri nou ak Pawòl Ou, pou nou ka soti isi a, aswè a, ak detèminasyon pou nou vin pi bon Kretyen ke nou te janm ye. Se pou nou ale ak yon nouvo lespwa nan kè nou, epi avèk lajwa, pandan n ap tann Vini Li.

<sup>23</sup> Si pa aza ta gen kèk nan mitan nou, ki malad epi ki aflije, nou pap blyie priye pou yo. Pou yo . . . Ki vin nan biling lan, aswè a, kote nou rasanble pou adorasyon an, ki antre, malad, se pou yo soti geri.

<sup>24</sup> E nou mande pou sa yo ki an konvalesans, nan kay yo epi nan lopital, epi ki sou kabann afliksyon. Nou priye, O Bondye, ke mizerikòd Ou desann sou yo.

<sup>25</sup> Nou priye pou sa yo ki endiferan, aswè a, ki poko goute epi wè ke Seyè a bon, ki pa konn sa sa vle di ke Bondye renmen yo. Yo jis pa konprann sa y ap rate. O Bondye, ke kèk emisyon radyo, oswa on bagay, touche kè yo, epi pou emosyon yo ka tounen vin jwenn Ou anvan pòt mizerikòd la fèmèn epi pou yo rete deyò, kanpe nan ijiman san mizerikòd.

<sup>26</sup> Ede nou, Seyè. Nou priye e nou mande W bagay sa yo nan Non Seyè Jezi, e pou glwa Li. Amèn.

<sup>27</sup> Moun yo te tèlman anpile bò pòtay yo, e lari yo te ankonbre, e pa t menm gen kote pou moun yo te dòmi. Yo te lonje deyò sou miray, toupatou atè, paske se te fèt Pak. E moun te soti toupatou nan monn ou konnen, pou yo adore nan peryòd sa. Se te moman kote yo te sakrifye ayo paskal la. Epi . . . Li te reprezante delivrans yo pou kite Lejip, esklavaj la. E yo te kenbe sa, chak ane. Chak ane, gwo fèt Pak sa te konn fèt. E se te youn nan moman ki te pi ekstraòdinè nan . . . oswa èvènman reliyion Jwif la, paske sa te reprezante moman kote yo te delivre.

<sup>28</sup> Tout moun renmen panse a sa, moman kote yo te delivre a. Ala retounen nou chak, aswè a, ka retounen nan moman lè nou te delivre a! Kisa sa te reprezante pou nou!

<sup>29</sup> M sonje pwòp eksperyans mwen, jan ti kè ti gason mwen te anvi touche Bondye. M te panse, “O, si m te ka sèlman monte epi frape pòt Li, pou pale avè L yon ti moman!” E, natirèlman, nou konn istwa m nan. M te pran yon papye ak yon kreyon, e m ta pral ekri Li yon lèt, paske m pa t ka pale avè L. E m te konnen ke Li t ap viv nan bwa, paske m te tandem L, e m te wè L k ap bouje nan branch bwa yo. Epi yon—yon kèlkonk, ansyen chemen ke m te abitye konn pran lè m ta pral lachas oswa lapèch. M te panse, “M ap jis klouwe l sou pyebwa a, epi adresé l bay Mesye Jezi.” Jis on fason pou fado sa te ka soti sou kè m.

<sup>30</sup> O, nwit sa a, lot bò a! M ka blyie laj mwen, m ka menm blyie non m kèk fwa, men m pap janm ka blyie moman sa kote Li te delivre m anba peche. Yon bagay te rive, anba nèt anndan mwen, ki te ede m travèse gwo moman sonb yo. Lè delivrans mwen an, fado peche yo te kite m, e m te yon nouvo moun. M te yon nouvo kreyati nan Kris Jezi, depi lè sa.

<sup>31</sup> E Jwif sa yo, yo te konn vini, chak ane. E te gen yon—yon fontèn anndan legliz la. Epi yo te konn pran pen an—an, ak zèb anmè, ak ayo an, e yo te konn bwè nan fontèn dlo sa a anndan legliz la. E yo te konn rejwi ansanm paske Bondye te fè yo favè. Kifè, se te tan fèt Pak la, e non sèlman se te fèt Pak la, men se te yon fèt Pak espesyal.

<sup>32</sup> Nou konnen, pafwa nou al legliz epi... Nou toujou renmen ale, men pafwa gen yon bagay espesyal ki konn rive.

<sup>33</sup> E se te youn nan moman sa yo. Anbyans lan te chaje ak espwa, jis jan sa ye jodi a. Tout je sa yo ki te renmen L t ap tann Li antre nan pòtay la.

<sup>34</sup> E m kwè se toutafè menm bagay la jodi a, paske sa yo ki renmen Li ap chache L. Anbyans lan te chaje ak espwa.

<sup>35</sup> Aktyèlman, n ap viv nan yon epòk, kote tè a an reyalite, vin yon gwo barik poud eksplozif. E lasyans ap di nou, “Rete jis twa minit anvan minwi.” E mwén sèten ke nou te li, menm jan avè m, lòt jou, istwa jeneral sa nan lame a, ki t ap di, ke, “Si te gen yon lòt gè, li t ap dire sèlman jis de ou twa minit.” Ansyen tan kote nou te konn goumen, epi ap tire fizi, epi fouye twou tankou rena, tou sa se fini. Yo pretann ke pwochen gè a ap dire jis de ou twa minit. Yon jou, kèk moun tèt cho va pèdi kontwòl li epi li va lanse youn nan bonm sa yo. E lè yo fin fè l, n ap gen pòs dekout, toupatou, pou retounen tire ankò. Mond lan jis pa ka sipòte sa.

<sup>36</sup> Tout moun nan fèt Pak la te konnen ke yon bagay ta pral rive, men yo jis pa t konnen kisa sa te ye.

<sup>37</sup> E se konsa l ye jodi a. Prèske tout moun konnen ke yon bagay sou pwen rive. Tout moun konn sa. Ou ka pale ak pechè a, ou ka pale ak machann lan, ou ka pale ak nenpòt moun, e, o, se yon peryòd sitèlman boulvèsan pou mond lan.

<sup>38</sup> Men ou ka pale a yon nonm ou yon fanm k ap tann vini Li, ak glwa a sou figi yo, ap briye. Y ap veye gwo evènman sa. Kidonk tout anbyans lan nét chaje ankò, ap tann pou yon bagay rive. Mond lan pa konn sa ki sou pwen rive, men Legliz Bondye vivan an konnen sa ki pral rive. Yo konnen ke byento twonpèt la pral sonnen, e nou va wè L k ap vini, ap monte nan Laglwa, sou yon cheval blan, epi lame Selès la ap swiv Li. E sa yo ki mouri nan Kris la yo pral anlve pou rankontre L anlè a. Se sa n ap tann. N ap soupire pou sa.

<sup>39</sup> E yo di nou ke namn manman sa yo, e latriye, ke nou t ap pale maten an, yo jis anba lotèl Bondye a, ap rele, “Konbyen tan, Seyè? Konbyen tan?” Manman w vle wè w menm jan w vle wè l. E byenneme nou yo vle rankontre nou menm jan nou vle rankontre yo.

<sup>40</sup> Ala yon reyinyon sa va ye, lè L ap vini! Pou rankontre byenneme nou yo epi wè yo nan kò rezirèksyon yo, kò glorifye yo, epi ap pwonmennen avèk eritye rezirèksyon an, ap obsèvè

karaktè yo, jan sa te chanje, ak dousè ak trankilite. E p ap gen ajitasyon, epi sote ak sekous, paske nou pral gen tout Letènité pou viv ansanm.

<sup>41</sup> O, gran aj moun sou lè nè sa n ap viv la, jis pa gen tan pou anyen, nou jis ap grenpe, epi ap bay sakad, epi ap ponyen, franchman, se yon jou terib.

<sup>42</sup> Alò, pandan yo t ap tann yon bagay rive, se domaj ke anpil nan sa yo ki te nan fèt Pak la pa t janm rive wè L. Poutan, yo te konnen yon bagay ta pral rive, men malgres a yo pat rive wè L.

<sup>43</sup> Se konsa l ap ye lè Seyè a ap Vini. Gen anpil moun ki ajite, jodi a, ki konnen ke yon bagay sou pwen rive, men yo—yo p ap janm wè L. Paske L ap vini nan trankilite mitan nwit lan, pou anlve ti Legliz sa k ap tann avèk empasyans epi ki espere wè Li. Se sa yo L ap vin anlve. Anpil nan lemonn k ap viv nan liks, ak nanm yo k ap fè fèt ak bagay ki nan mond lan, yo p ap janm konn sa k te pase, jiskaske Legliz la al nan Laglwa, paske L ap vini tankou yon volè lannwit pou anlve yo. Alò nou ka wè ke nou retounen ankò menm kote a. Kounye a nou wè, ke, atant sa a, Bondye ki vin jwenn sa yo ki... Toupatou nan Lèzekriti, se menm bagay la. Ke yo se... Li toujou parèt devan sa yo k ap tann Li, toujou devan sa yo ki vle wè Li. E m sèten ke se esperans sa ki nan kè nou aswè a.

<sup>44</sup> Sa fè apeprè sis mwa de sa, mwen kwè, m t ap temwaye a kèk moun. Epi m te di, “O, lè nou panse a sa, ke Li ka vini jis a nenpòt kilè!”

<sup>45</sup> E sa ki te fè m di sa, m t ap pale de Frè Bosworth. Lè m t al wè vye sen sa a, lè nou te aprann ke l t ap mouri, li te gen katreven kèk lane, madanm mwen avè m nou te desann pou... la pou wè l anvan l mouri. M te jis oblige di l yon bagay. M renmen ap gade sen yo lè y ap antre nan Laglwa, e m te oblige wè li. Nou te fè kawotchou machin lan chofe.

<sup>46</sup> Men lè m te rive la, m te kouri antre nan pòt la, vye patriyach sa te kouche nan yon ti kwen. Li leve tèt li lè l te wè m ap vini. Vye ponyèt li, tou fèb, t ap pandye, chè a t ap pandye desann. E li te lonje men l ban mwen. E m te pran l nan kou epi m te kriye fò, “Papa m, papa m, charyo Izrayèl yo, ak kavalye l yo,” paske li te yon nonm sen, tout bon.

<sup>47</sup> Mwen te di, “Frè Bosworth, m vle mande w yon bagay. Èske w kwè ke w ap geri?”

Li te reponn, “O, m pa menm malad.”

M te di, “Ebyen, kisa k pwoblèm lan?”

<sup>48</sup> Li te di, “M pral Lakay.” Li te di: “M fatige, e m bouke. E m jis vle al Lakay.”

<sup>49</sup> M te di, “Alò ou reyalize ke w ap mouri?” M te di, “M vle mande w yon bagay. Retounen nan swasanndis kèk ane ministè yo, ki moman ki te pi gloriye pou ou? Èske w ka pale avè m,

mesye, epi di m ki eksperyans ou te genyen, pandan tout ane yo, ke w te ka estime kòm pi gran moman pou ou.”

<sup>50</sup> Si m ta viv pou m wè laj li, m p ap janm blyie, jan je nwa sa yo te fikse m, anlè linèt sa yo. Li te di, “Byenneme frè m, sa a se pi gran moman nan vi m. M pa ka panse a okenn moman ki te gen plis glwa pase kounye a.”

<sup>51</sup> M te gade l nan figi, epi m te di: “Mesye, èske w toujou konsyan ke w ap mouri?”

<sup>52</sup> Li te reponn, “Frè Branham, m lonje isi a, m ap tann chak minit pou L louvri pòt sa epi vini, mennen m Lakay avè L.” Se fason sa a pou w mouri. Se fason sa a pou w ale.

<sup>53</sup> E jan nou konnen, an, apeprè dezèdtan anvan l te mouri . . . Li te, plonje nan yon koma, pandan plis ke de jou. E lè l te retounen a limenm, li te leve kanpe nan chanm lan, epi li te kòmanse pale ak madanm li. Alò, toudenkou, li te sanble l vin transparan. Epi li te bay lanmen, pandan on bon inèdtan ou plis, ak zanmi, ki te mouri depi karant oswa senkantan, ki te moun konvèti pa l nan legliz li. Li te bay manman l ak papa l lanmen. Jiskaske li te . . . lavi te kite kò l, li te lonje kò l sou zòrye a epi l te pati andòmi, nan bra Seyè Jezi. Pa gen anyen tankou sèvi L, pou ap tann Li.

<sup>54</sup> E pandan m t ap pale ak nonm sa a sou sa, epi m te rakonte eksperyans sa, m te di sa. M te di, “Mesye, o, èske sa pap gloriye lè n a wè L? O, si L ta vini jodi a!”

Li te reponn, “Frè Branham, pa fè moun yo pè konsa.”

M di, “Kisa w vle di?”

<sup>55</sup> Li di, “O, pa eseye di moun yo ke lemond ap vini, oswa Kris ap vini. Sa enkyete yo.”

<sup>56</sup> “O,” mwen di, “non. Ekskize m. Pou sa yo k ap tann Li, se nouvèl ki pi gloriye ke yo te ka tandé, ke Jezi sou pwen travèse pou pran Legliz Li.” Vyeyès pral ranplase pa jenès. Lajwa pral ranplase pa tenèb. Lavi pral ranplase lanmò. Mòtalite pral fè plas, pou imòtalite. O, ala yon moman, pou konnen ke L ap vini!

<sup>57</sup> Yo t ap chache L. Yo t ap tann Li. E lè Li te vini, nou jwenn ke te gen de klan. Yon gwoup te pou Li, e youn te kont Li.

<sup>58</sup> E se fason sa nou jwenn li jodi a. Se poutèt sa, vini L, te toujou divize moun yo. A chak fwa, lè nou jwenn Jezi, nou jwenn nan antouraj la sa yo ki kontré a Sa. Se Satan. E, jodi a, lè nou panse a sa, nou pa wè anpil chanjman. Se menm bagay la. Moun yo chanje, men lespri moun yo pa chanje.

<sup>59</sup> Konsa lè finalman yo te gade nan pòtay la epi yo te wè L k ap vini, monte sou ti bourik blan sa, se pa etonan ke disip yo te kòmanse ap—ap rele, “Wayòm Syèl la rive!” Moun yo te kouri al kontre L, e tout Jerizalèm te ajite. Gen yon bagay konsènan sa, lè Jezi vini, toujou gen ajitasyon. E tout vil la te ajite. E yo—yo pa ka kache sa.

<sup>60</sup> E predikatè yo nan epòk sa te dwe bay opinyon yo sou ajitasyon sa a, paske se te pandan fèt Pak la. E yo t ap rele fò, “Kiyès Sa a?” pandan ke anbyans la t ap debòde, e vini Seyè Jezi a, nan Jerizalém, te fè anbyans lan debòde ak espwa, sanble ke doktè lalwa yo te dwe konnen kisa k ta pral rive. Ta sanble ke gran prèt la ta dwe konn sa. Ta sanble ke tout lòt prèt yo ta dwe konn sa.

<sup>61</sup> E sa pa chanje yon tikras, jodi a, paske Sentespri a anonse davans Vini Seyè Jezi a. E kòm Sentespri a kòmanse etann sou tout tè a, dife revèy ap deklanche, toupatou, gwo siy ak bèl mèvèy te akonpli, gerizon te fèt, pwofesi te bay. Tout rasanbleman benediksyon apostolik yo te retounen nan Legliz ankò. Kidonk, jan 1 te ye lè sa a, se konsa 1 ye kounye a, espri enkwayan an toujou ap rele mande, “Kiyès Sa a?”

<sup>62</sup> Kèk nan yo te kwè nan Seyè Jezi, pou di Li te yon bon Moun. Kèk nan yo te di, “Li se yon bon Moun.”

<sup>63</sup> Se sa y ap di jodi a. Y ap eseye mete L tankou yon Napoleon, yon vanyan sòlda. Y ap eseye mete L tankou yon—yon George Washington, yon nonm sensé. Men Li te plis ke sa.

<sup>64</sup> Èske nou te remake lekti Ekriti a? Yo di: “Sa se yon Pwofèt ki soti Galile.”

<sup>65</sup> E y ap eseye di menm bagay la jodi a, lè yo wè gwo mouvman Seyè sa a: pou retabli, sante, malad ak aflije; pou wè L ap itilize Lespri Li nan Legliz Li, pou disène panse moun yo; pou wè L ap fè egzakteman jan L te fè lè L te isit sou tè a, pou akonpli sa L te di ki t ap fèt; sètènman, legliz yo ak moun yo, ap mande sa, “Kiyès Sa a?”

<sup>66</sup> Yo pa t konprann kimoun Jezi te ye, paske ankenn nan yo pa t ka rekonèt Li, akoz de lekòl yo. “Nan ki seminè Li te soti? Nan ki lekòl teyoloji Li te soti?”

<sup>67</sup> E se konsa l ye jodi a. Pifò nan moun yo ki wenn ak Sentespri a pa t soti nan okenn seminè. Yo se rezulta pwòp chwa Bondye. Men siy ak mirak, ak bèl mèvèy ki te pwomèt nan Bib la, k ap akonpaye gwo Sentespri sa pandan L ap aji nan mitan moun yo.

<sup>68</sup> E jodi a yo di, “Nan ki lekòl yo soti?” Osito w antre nan yon vil, pou òganize yon revèy, “De ki denominasyon ou fè pati?”

<sup>69</sup> M te gen yon entèvyou vandredi apremidi, avèk yon prèt Katolik Women ki soti nan legliz Ilandè nan Louisville. E apèn yo te prezante m ba li, yon bon nonm byen edike, li di, “Mesye Branham, nan ki denominasyon ou ye?”

M reponn, “M pa avèk okenn.”

E lè sa, li te di, “Èske w te òdone?”

M te di, “Wi, mesye.”

Li di, “Kimoun ki te òdone w?”

<sup>70</sup> M di, “Seyè Jezi a te ban m Sentespri, pou m preche Levanjil, e Li te ban m yon komisyon.” Ebyen, se òdinasyon sa nou bezwen.

<sup>71</sup> Jezi pa t janm di disip Li yo, “Ale nan . . .” M p ap kritike bagay sa yo, men yo te fè tan pa yo. Li pa t di: “Ale, etidye pou vin yon minis, pandan *tan e tan dane*.”

<sup>72</sup> Li di, “Ret tann nan vil Jerizalèm, jiskaske nou vin jwenn Pwisans ki soti Anwo a.” Li te di sa a moun ki pa t ka siyen pwòp non yo. “E apresa, Sentespri a vin sou nou, alò n ap vin temwen Mwen, alafwa nan Jerizalèm, nan Jide, nan Samari, e jouk nan ekstremite tè a.” Se sa ki òdinasyon an.

<sup>73</sup> Nou pa gen okenn dosye sou Jezi ki te janm ale nan okenn lekòl, oswa ki te gradye nan okenn seminè. Poutan, te gen plis seminè ki te bati nan Non Li, pou kòz relije, pase pou nenpòt lòt—nenpòt lòt bagay ki te janm egziste nan mond lan. Nou pa t janm te gen okenn—okenn dosye sou Li ke l te janm al lekòl. Men, poutan, te gen plis lekòl ki te bati nan Non Li ke gen nenpòt lòt kalite non ki gen anba syèl la, lekòl sa yo. Nou pa t janm aprann ke L te ekri yon liv. Poutan, te gen plis liv ki te ekri sou Li ke tout rès literati ki te ekri. E, jodi a, Bib Li a se Liv ki pi popilè ki genyen nan tout mond lan, pamí tout literati yo.

<sup>74</sup> Men, ou wè, nan jou vizit la, yo t ap rele mande, “Kimoun Li ye?”

<sup>75</sup> Nou wè, Bondye pran yon bagay ki sanble li pa anyen, pou fè yon bagay avèk li. Se sa ki fè L Bondye.

<sup>76</sup> E lè yo te wè L k ap vini, sou do bourik nan pòtay sa, kèk nan yo te di, “Li se yon Grantòm.”

<sup>77</sup> Y ap di sa jodi a. Gen lekòl teyoloji ki anseye, jodi a, ke Jezi te yon Grantòm, ke Li te yon Nonm ki bon. Kèk nan yo menm di ke Li te yon pwofèt. Kounye a, si L te sèlman yon pwofèt, oswa yon Nonm ki bon, nou rete nan peche nou yo. Li te plis ke yon pwofèt. Li te plis ke yon Nonm ki bon. Poutan, Li te yon Nonm ki bon. Poutan, Li te yon Bondye-Pwofèt. Men Li te plis ke sa. Li te Bondye manifeste nan lachè, pou efase peche.

<sup>78</sup> Epi pandan Li t ap vini, sou yon do bourik, anpil nan moun yo te di, “Li se yon gerisè. O, nou te wè L louvri je avèg la. Nou te wè L fè nonm enfim lan mache. Nou te wè L ap lapriyè, epi fyèv la te kite timoun lan.” Men, alò, kategori moun sa yo te sèlman ap swiv Li pou pen ak pwason.

<sup>79</sup> E se konsa foul yo ye jodi a, anpil foul. Si gen yon gerisè, ebyen, yo—y ap swiv Li, e L ap jis—L ap jis yon oasis. Si yo tonbe malad, y ap kouri, pou di, “O, èske w vle tanpri priye pou mwén, pou ke Seyè Jezi geri m?” Epi osito ke yo soti lopital la, oswa kabann malad la, yo retounen tou dwat nan mond lan, tankou yon chen nan vomi li, oswa yon kochon nan twou li, jan Lekriti te di a. Yo jis swiv Li pou pwofî yo ka tire de Li. Yo itilize L jis pou yon—yon anblèm, oswa—oswa pou yon bagay ke—ke yo ka

jwenn nan men L, epi yo pa atann yo a sèvi Li. Foul sa egziste ankò jodi a.

<sup>80</sup> Te gen nèf lepre ki te geri, e youn te retounen pou ba L lwanj. Oswa èske se te dis? Yo, youn nan yo, te retounen pou ba L lwanj, e rès lòt yo te pati, engrà.

<sup>81</sup> E si moun an Amerik yo, ki te geri ak Pwisans Bondye a, ta vire kè yo tounen bay Bondye, yon revèy ta vin sou nasyon sa a ki t ap fèmèn tout ba tafia yo, ki ta . . . Magazén diven ak magazén wiski yo t ap disparèt soti nan dekò a. Legliz yo t ap ranpli. Sal sinema yo t ap vid lè dimanch swa. E t ap gen yon revèy ki t ap eklate, atravè nasyon sa. Men lè yo wè sa k ap rive, bagay Bondye fè, yo toujou ap rele mande, "Kimoun Li ye? Kimoun sa a k ap vini an? Ki kote yo soti? Kiyès sa a? Ak ki otorite sa te fèt?"

<sup>82</sup> M pa janm blyie, nan Johannesburg, Afrik di Sid. M te fèk rive, apeprè trant minit anvan, nan yon avyon. M te pase twa jou ak twa nwit dan lèzè, m te tèlman fatige m te apèn ka ret kanpe. Yo—yo te mennen m nan yon gwo zòn eksposizyon kote senkant oswa swasant mil moun te rasable. E apèn m te monte sou estrad la, ke Sentespri a . . . M te wè, yon—yon bis, ki t ap travèse plas la. E te gen yon siy ekri sou li, "Durban." M te wè yon jennòm ki te oblige gen anpil diskisyon pou l te al lwen papa l ak manman l, avèk yon janm ki sis oswa uit pou pi kout pase lòt la. Li te mete yon chemiz blan, ak bretèl ki te kenbe pantalon l. E m te remake jenn gason an. M te retounen gade ankò. Vizyon an te disparèt. Epi, jis yon moman apre, m te wè Limyè sa ki te pandye sou yon jèn gason, byen lwen dèyè nan oditwa a. E m te gade. M te panse, "M te wè l yon kote." M te obsèvè l, e Limyè sa te rete pandye sou li pandan kèk minit. M t ap tann entèprt la pou l te sezi mo ki te di aprè yo. Epi m te wè menm jenn gason sa a kanpe, jete beki li yo, e janm li ki te sis pou pi kout la te pouse desann vin nòmal ak lòt la.

<sup>83</sup> Epi m te di Mesye A. J. Schoeman; ki nan Laglwa, aswè a. M di, "Mesye Schoeman, jis repete pawòl mwen yo. Se yon vizyon."

Li reponn, "Trè byen."

<sup>84</sup> Epi m te di, "Jèn gason an ki chita dèyè a la avèk chemiz blan sou li a, avèk bretèl yo, li soti nan yon vil ki rele Durban, apeprè a de mil senksan kilomèt, nan yon bis. Epi li te oblige chape kite papa l ak manman l, pou l vini. Men li te kwè nan Seyè Jezi a, e li gen yon janm sis pou pi kout pase lòt la."

<sup>85</sup> Epi jenn gason an te leve kanpe. Li te la, kanpe, ap eseye pran beki li yo. Epi m te di, "Jèn gason, Seyè Jezi a geri w." E imedyatman janm li te lonje de sis pou pi kout pase lòt la. Yo te mennen jenn gason an sou estrad la, epi doktè yo te egzamine l la a. Nou wè foto l nan liv mwen an.

<sup>86</sup> M te kanpe la depi yon ti tan sèlman, m wè yon ti machin vèt ki t ap desann sou wout la, epi li te glise. Li te fè demi tou, ap fè bak, epi li te frape yon pyebwa. Yon jenn fi, avèk cheve blon te . . .

do l te kase. Epi m te di, “M wè yon ti machin vèt ki glise al nan yon pyebwa, e yon jenn fi ak cheve blon ki gen apeprè dizwitan te gen do l kase. Li nan yon kondisyon grav.” Pèsonn pa t reponn. E m pa t ka wè l okenn kote nan kokenn, gwo oditwa moun sa yo. E m te kanpe la pandan jis kèk minit. M te di, “Nou konprann. Se... Nou pa bezwen sou gad nou. Se Seyè Jezi a, nan Pwisans rezirèksyon an. Li te voye Sentespri a pou kontinye zèv Li.” E la m te wè vizyon an parèt ankò. E m pa t ka wè jenn dam lan.

<sup>87</sup> Jis nan moman sa a, te kanpe drèt devan m, men Limyè sa a ki te kanpe, jan nou wè sou foto a. E Li te kanpe la. M te mache al la, e men manzè ki te etann, anba estrad la. M te di, “Jèn dam, Seyè Jezi a geri w.” E li te kòmanse kriye.

<sup>88</sup> Manman l te di, “O, non! Pa di l leve!” Li di, “Si l bouje, l ap mouri.”

<sup>89</sup> Epi jenn dam lan te leve on sèl kou sou pye l, ap rele fò, pou ap louwe Bondye. E manman an te pèdi konensans epi li te tonbe sou branka kote ti fi a te konn kouche a.

Kisa sa ye?

<sup>90</sup> Apeprè nan moman sa, yon pwovokatè te leve dèyè la, e li te kanpe avèk yon pye sou yon chèz, epi youn sou lòt la, e li te di, “Oumenm, Ameriken! M bay w defi pou di m nan ki Non ou te fè sa! E ki denominasyon legliz ou fè pati?” Nou wè?

<sup>91</sup> Se egzakteman menm bagay la. Yo pa konprann. Yo p ap chache bagay sa yo. Legliz yo pa p tann Vini Seyè a. E Sentespri a isi a pou konfime Vini Li, pou akonpli Sa. Tèlman...

Chak moun vle swiv pwòp chemen pa l. Se menm jan l te ye la. Chak gwoup te gen pwòp lide yo.

<sup>92</sup> Men sa se pa kesyon an aswè a. Se pa de sa m ap pale. Men kesyon m ap poze nou, se, kisa nou panse Sa ye? Sa konsène nou. Keson Kiyès Sa a k ap fè va e vyen nan nasyon yo? Se pa lèzòm. Lèzòm pa ka fè bagay sa yo. Kiyès Sa k ap pale pou di moun yo nan oditwa a, tankou, “Genyen drèt *la*, laba *la*,” ak diferan moman nan reyinyon an, kote yo mennen fanm ak gason isi a, k ap mouri? Kiyès Sa?

<sup>93</sup> Jèn fanm sa ki te antre nan batistè a maten an, twa semèn de sa, ki t ap mouri ak yon fòm kansè po, l ap viv isi a menm sou Maple Street, Madam Baity. E m te mande twa doktè ki te avè l. Manzè pa t gen yon chans pou l te viv, avèk kat ou senk timoun, e manman m ki t ap eseye pran swen yo. Manman m te di, “Bill, li p ap janm tounen lakay li ankò.”

<sup>94</sup> E m te ale kote l te ye a, e Seyè Jezi te deklare, “ENSI DI SEYÈ A, si l pral nan legliz la epi pwomèt pou l batize lan Non Seyè Jezi, epi li pral sèvi Bondye, li pral lakay li, geri.”

E m te mande l, “Èske w vle fè sa, madam?”

<sup>95</sup> E li te reponn, “Tout sa w di, m ap fè l.” Menm lè a doulè yo te pati. Twa jou apre, li te lakay li, e doktè yo pa t ka jwenn yon sèl tras kansè sa.

<sup>96</sup> Kiyès Sa A ki vini nan Non Seyè a? Kimoun Sa? Se Sentespri Bondye a. Ki opinyon nou sou Sa? Ki opinyon nou, nou konn pastè nou? Epi lè la nan chèz sa yo, moun ki soti andeyò vil la, yo la avèk epilepsi, la avèk . . . Men yon nomm, kèkpa la, yon frè Menonit, drèt la, yon moun k ap soufri ak epilepsi. M pa t janm konnen oswa wè l, anyen sou li. Epi toudenkou, apeprè dezan de sa, mwen kwè, oswa yon bagay konsa, wi, dezan, Sentespri a te deklare sa, epi te di “ENSI DI SEYÈ A.” Li pa t janm gen yon kriz depi lè a. Kimoun Sa? Kimoun Sa?

<sup>97</sup> Fanm sa te chita la, dimanch pase, dènye fwa m te isi a, li te soti yon kote nan Ilinwa. Nan landemen . . . Ak yon gwo timè nan kò li, ki te grav. E kèk nan pi bon medsen nan Ilinwa te mennen l nan yon gwo klinik, pou yo te opere l, lendi. Li te reyisi antre. M pa t janm wè l oswa tandé pale de li, nan tout vi m. Epi toudenkou, Sentespri a te kouvri l, e Li te di l kimoun li te ye, ki kote l soti, e yo ta pral opere l nan landemen. Konbyen moun ki te isit la lè sa, pou te wè sa? E nou te wè nouvèl la t ap sikile. Nan landemen, lè l t al kay doktè, yo te mennen l de klinik an klinik, epi yo pa t ka jwenn yon tras.

<sup>98</sup> Kiyès Sa a? O, Bondye gen pitye! Kimoun Sa a k ap fè sa? Èske nou ka oze di se te pastè nou? Jamè. Èske nou ta ka oze di lèzòm te gen yon bagay pou wè ak sa? Jamè. Se Sentespri a, Lespri ki te sou Seyè Jezi nou an. Epi Vini Li pou ini Tèt Li ak Legliz Li, sitèlman pwòch ke L ap repann gwo Limyè sen Li an, pou rachte, epi mennen nan fraténite, yon Legliz Bondye vivan an, pou Anlèvman an ki reyèlman toupre. Amèn!

<sup>99</sup> Kimoun Sa? M pa ka reponn kesyon w lan. M pa ka reponn pou nou. Men m ka reponn pou tèt pa m. Epi sou chè sakre sa, aswè a, nan zorèy, gwoup moun sa a, ke—ke San Seyè Jezi nou an te achte, m deklare sa soti nan fon kè m. Pa paske m se youn nan nou, pa paske m jis yon moun diferan, men antan ke youn nan rachte yo ki te lave ak San an. M kwè ke menm Limyè sa ki pandye nan legliz sa a, aswè a, ke menm Sila pwouve, pa nati Li, ke Se Jezikri, sou fòm Sentespri a.

<sup>100</sup> Nenpòt moun ki konn Lekriti, konnen ke Jezi di, “M soti nan Bondye, e m ap tounen al jwenn Bondye.” Anvan Li te vin lachè, avèk Moyiz nan dezè a, Li te Kolòn Dife a. E lè Moyiz te vle wè L, Li te pase ba L do. Epi Moyiz di, “Sa sanble ak yon Nonm.” Lè L te isit sou tè a, Li te yon Nonm. Li te fè menm bagay yo ke L ap fè, jodi a, atravè lèzòm ke L te rachte. Men Li ki vini pou yo pran foto L. Kisa sa ye?

<sup>101</sup> Apre lanmò, antèman ak rezirèksyon L, Pòl te sou wout li pral Damas, yon jou, e yon gwo Limyè te frape l. Mesye sa yo ki te bò kote l pa t wè Limyè a. Men Sa te frape Pòl, jiskaske Sa te

rann li avèg. Li te gen pwoblèm ak jye l pou rès vi l. E li te di yon fwa, "Pou m pa anfle tèt mwen poutèt kantite revelasyon, yo te ban m," yon pikant nan lachè, yon mesaje Satan, pou souflete l. Paske revelasyon an te an abondans.

<sup>102</sup> E lè Pòl te frape, alòske li te sou wout li pou al pèsekite moun ki t ap fè twòp bri yo; yon gwoup ne de novo, moun yo te konn rele eretik yo. Pòl te sou wout li pou al pèsekite sila yo, avèk papye otorizasyon nan pòch li, pou l te arete yo epi mennen yo Jerizalem. Epi apeprè nan mitan jounen an, men yon Limyè ki te desann, ki te fè l tonbe, mete l atè a, epi li te tonbe nan pousyè tè a. Te gen yon Vwa ki te soti nan Limyè sa, ki di, "Sòl, Sòl, poukisa w ap pèsekite M?"

<sup>103</sup> E Sòl te vire tounen, nan kondisyon avèg li a, li te gade anlè. E li te ka wè gran Limyè, glorye sa. Epi li di, "Seyè, Kimoun Ou ye?"

<sup>104</sup> Li reponn, "Mwen se Jezi. M soti nan Bondye; M te tounen al jwenn Bondye. M sot nan Bondye; M ap retounen jwenn Bondye." Li di, "L ap difisil pou w reziste a pikant."

<sup>105</sup> Yon sèl revelasyon sou teren sakre sa, nan plas sa yon sèl fwa, lòm pa ka janm menm moun lan. Yon nonm, anvan l ta dwe rele tèt li Kretyen, anvan l ka idantifye tèt li, li ta dwe dabò fè eksperyans dèyè dezè a, kote l te rankontre Bondye, fas a fas.

<sup>106</sup> Paske, jodi a, nou ka gen tout jan de repons. Nou ka wè Seyè a akonpli eggakteman sa L te di Li t ap fè, e teyolojen entèlijan yo va eksplike Sa on lòt jan. Yo va di, "Se te pou yon lòt jou. Se te pou sesi. Oswa, Se pou yon lòt laj. Oswa, Se fo." Tankou yo te di konsènan Jezi, "Li se Bélzeboul, dyab la. Li se yon divinò." Ak tout bagay sa yo, yo gen yon repons.

<sup>107</sup> Men lè yon nonm te janm vin an kontak avèk Kris, pou wè L tankou Pòl te fè a, oswa fè eksperyans Li, pa gen ase teyolojen nan mond lan k ap janm kapab avèk eksplikasyon mennem nonm sa a renye eksperyans sa.

<sup>108</sup> Se pou rezon sa, jodi a, yo pa gen eksperyans lan. Se pou rezon sa yo pa ka di . . . yo tout ap di, "Kiyès Sa a? Kisa Sa a ye? Ki kote Sa soti?" Yo pa gen repons lan. Poukisa? Paske, tout sa yo konnen se yon teyoloji ke kèk legliz te fabrike. Se pa "konnen teyoloji" ki Lavi. Se pa "konnen Bib la" ki Lavi.

<sup>109</sup> Men "konnen Li" se Lavi. "Pou konnen L" kòm Sovè pèsonèl ou, kòm Sila Ki ranpli w ak Prezans Li. Nou te la lè sa te rive. Pa gen pèsonn ki ka retire L nan ou. Pa gen okenn moun ki ka trafike L ba ou. Lè eksperyans sa rive w, ou konn Kimoun Li ye. Pou mwen, Li se Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

<sup>110</sup> Kiyès sa a k ap fè mirak sa yo? Kimoun sa ye k ap fè gwo zèv sa yo? Èske se predikatè a? Èske se Oral Roberts? Èske se Billy Graham? Èske se Jack Schuler? William Branham? Kèlkkeswa sa ka ye a, yo pa gen anyen pou yo fè ladann. Yo se enstriman.

<sup>111</sup> Se Sentespri k ap vini avèk Levanjil la, nan siy ak bèl mèvèy ak mirak, pou prepare yon pèp. Atmosfè a chaje ak atant, ak kwayan k ap tann Li vini.

<sup>112</sup> E lòt yo ap di, “Poukisa revèy sa yo? Poukisa nou genyen l? Annou tabli yon legliz.” Enben, sa te di nan legliz la isi a menm, ke, lè nou te kòmanse bati nouvo legliz la, yo te di, “Nou pa bezwen mirak. Nou pa bezwen bagay sa yo ankò. Ou vle yo, al deyò nan chan an kote y ap pwodui. Nou pa bezwen yo isi a.” Lè Branham Tabènak va tonbe ba nan nivo sa, li ap koule.

<sup>113</sup> Legliz sa fonde sou prensip ak Pwisans ak Levanjil Jezikri a. E osi lontan ke tabènak sa ret kanpe, ke Sentespri glorye a jwenn aksè a nanm, pou sove yo, epi ranpli yo ak Sentespri a, epi geri malad yo. Pou mwen, se Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

Annou priye.

<sup>114</sup> Si w pa konn Kiyès Li ye, ou pa konn kisa tout sa a ye, e ou ta renmen konnen, èske w vle jis leve men w? Epi di, ak men w leve, “Priye pou mwen, Frè Branham, pou m ka konnen L.” Epi ke Seyè a beni w. Epi toutotou, mwen wè men nou.

<sup>115</sup> Kounye a, Papa nou ki nan Syèl la, nou pote Mesaj sa, ak fwi moun yo k ap leve men yo, ke yo ta renmen konnen Kiyès Sa ye. Yo ta renmen abitye ak gran Jezi sa. Epitou, Vini Li, ak rezirèksyon an, sitèlman pwòch, ke malad yo kòmanse geri. E apre sa te fin fèt, pwofesi te antre answit nan Legliz, apre sa don ak mirak, kounye a jiska dènye siy sa. Pwochen k ap vini, Anlèvman an, Legliz la pral anlve. E noumenm, Seyè, ki te deklare ke nou konnen W nan Pwisans rezirèksyon Ou, n ap tann, n ap tann avèk enpasyans, n ap kriye, n ap sipliye: “Vini, Seyè Jezi!”

<sup>116</sup> Anlve Legliz Ou epi mennen L lwen, an vitès, Seyè. Paske, byento, lèzòm pral eksplode tè a ke W te kreye pou yo viv sou li a, poutèt yo te dezobeyi W. Yo pa t aprann lapè, men lagè. Yo pa t aprann ladwati, men yo te aprann mechanste. Jan yo tout pa t ap grangou pou pwisans! Seyè, ti tach sa nan kè yo ki fè yo grangou pou pwisans, y ap eseye satisfè l nan yon laboratwa kèkpa, pou eksplode kanmarad yo lòm.

<sup>117</sup> Bondye, si yo te ka sèlman reyalize ke pwisans sa ke yo dezire a se Pwisans rezirèksyon Pitit Bondye a, Pwisans Sentespri a pou chanje vi yo; pa eksplode nasyon yo, men chanje vi yo epi fè yo vin sèvitè W.

<sup>118</sup> Anpil moun, frape ak foli sovaj, yo idantifye nou tankou yon bann moun “ki pa konn anyen,” epi—epi tankou “eretik,” jan yo te fè l nan kòmansman an. Men pandan yo t ap retounen, ap rejwi, ap remèsyé W paske yo te ka sipòte opwòb Non Ou. Se konsa pitit Ou yo santi yo, aswè a, Seyè, tout kote. Nou tout kontan.

<sup>119</sup> Nan epòk Ou kèk te eseye idantifye W. Yo te di, “Li se zanmi nonm sovaj sa, Jan, ki te soti nan dezè a avèk apèn rad sou li, jis yon vye po mouton ki te vlope l. Yon nonm sovaj ki t ap lanse pawòl, nan lès ak lwès, pou di, ‘Kout rach t ap bay nan rasin pyebwa a.’” Yo di, “Li se yon—yon disip li. Li se yon nonm sovaj. Li fou. Li pèdi tèt Li.” Ministè sinatirèl ki te avèk Ou a, O Seyè, te avegle je moun sa yo.

<sup>120</sup> E se konsa sa ye ankò jodi a: Gwo Sentespri sa a ap anonse davans Vini Seyè a, jan Jan te fè nan tan pa l la, t ap avegle moun yo, sa yo ki pa t vle wè. Men pou sa yo ki vle wè, Ou te chwazi yo. “E tout sa Papa a te ban Mwen va vin jwenn Mwen,” Ou te di, “e okenn nan yo p ap pèdi. E M va resisite l nan dènye jou a.” Nou remèsyé W pou sa.

<sup>121</sup> E sa yo ki te leve men yo, aswè a, nou priye, O Seyè Bondye, ke W va revele tèt Ou ba yo, nan yon eksperyans, nan Pwisans rezirèksyon an. Akòde l, Seyè.

<sup>122</sup> E gen lòt ki ka isit la, ki pa t leve men yo, men poutan, nan kè yo, yo te konnen ke yo te bezwen sa. M priye ke Ou va beni yo, epi ba yo dezi kè yo.

<sup>123</sup> Lè nou va kite biling lan, aswè a, pèmèt nou ale tankou moun diferan. Pèmèt nou ale ak yon objektif diferan de sa nou te genyen, lè nou te antre a, si l te kontrè a volonte Divin Ou. Pèmèt nou soti avèk yon detèminasyon pou kenbe kòn lotèl la, jiskaske nanm nou satisfè ke nou te fè yon eksperyans avè W, e pou nou konnen de Kimoun n ap pale, paske nou te rankontre L epi nou konnen L, epi nou fratènize avè L. Akòde bagay sa yo, Papa. Geri malad ak aflije yo.

<sup>124</sup> Beni presye byenneme pastè nou. Bondye, nou priye ke W va avè l ak byenneme sè l yo, alò ke y ap chante Levanjil la, epi preche L nan radyo yo.

<sup>125</sup> Beni etranje yo ki nan papòt nou. Seyè, pèmèt yo soti, aswè a, ak yon fado sou kè yo, avèk yon objektif pou yo, apati de moman sa a, si yo pa konnen W epi yo pa t sèvi W, anvan, pou yo sèvi W. Konsyan de bagay sa, ke, “Tout lòt bagay va aneyanti, men Pawòl Seyè a va rete pou tout tan.” Akòde l, Papa.

<sup>126</sup> Padonnen nou, tout peche nou yo. E pèmèt ke nou rankontre nan gran . . . [Espas vid sou kasèt la—Editè a.]

Paske L te renmen m an premye  
E L te rachte sali mwen  
Sou bwa Kalvè.

<sup>127</sup> Kounye a, apre Mesaj la, annou jis koube tèt nou pou adore L, pandan n ap chante pou Li.

Mwen renmen L,  
Ak tout kè w.  
Mwen renmen L

Paske L te renmen m an premye  
 E L te rachte sali mwen  
 Sou bwa Kalvè.

<sup>128</sup> Konbyen moun ki vrèman renmen L? Leve men nou, di 1 devan yon temwen: "Mwen renmen L." O, èske Li pa mèveye? Nou konnen, m senpleman renmen chita konsa epi jis ap bwè, yon jan, nan Prezans Li. Pawòl Li, te pwononse, Li tonbe nan kè. Li korije nou. Li mennen nou an soumisyon a Lespri Li. Ala bèl sa bèl pou jis adore L lè sa! Kounye a, pandan n ap kite legliz la, aswè a, ale, pandan n ap adore L.

<sup>129</sup> Epi sonje, semèn sa, gen yon reyinyon priyè isi a mèkredi swa. Pa blyie emisyon Frè Neville la dimanch, oswa samdi, a nevè, sou WLRP. M jis renmen tandem yo, pa vre? Kat chantè yo, oswa trio a, son an tèlman bèl. Madanm mwen avè m, ak ti moun yo, nou tout soti ti radyo an epi—epi nou rasanble bò kote l, pou tandem Frè Neville ak emisyon l lan, ak bèl pawòl li yo, sou fason li egzalte Bondye ke li renmen epi kwè a. M pa di sa pou . . .

<sup>130</sup> Noumenm etranje ki isi a, si nou pa gen legliz lokal, vin jwenn nou. M ap di nou, m p ap di sa paske li la a. Non, mesye. M di sa, anpil fwa. Mwen renmen Frè Neville. Paske, dabò, li se yon teyolojen. Premye bagay, li se yon pitit Bondye. Pwochen bagay la, li menm lan chak jou. M konnen l depi plizyè lane. Li pa janm chanje, yon tikras. Li toujou Orman Neville, yon sèvitè Seyè Jezi. E m panse li gen . . .

<sup>131</sup> Lòt swa a, m te rele, pou mande l sì l pa t fè sa, nan pwogram li an, te ka fè plas pou nou desann epi priye pou malad. Gen kèk ki te vini, maten sa a, nou konnen. E ti madanm li te reponn telefòn lan, e m t ap pale, sou sa, ak madam mwen, dèyè a la.

<sup>132</sup> E jan nou remèsyé Bondye pou ti madanm li ak fanmi l. Yo trè byen. Lè nou wè yon minis ak madanm li ki antann yo konsa, nan dousè ak imilite, sa jis fè legliz la vanse pi byen. Sa jis pi dous pandan jou yo ap pase.

<sup>133</sup> Nou renmen L ak tout kè nou? Trè byen. Nou gen yon kantik ke nou chante lè n ap fini, *Pran Non Jezi Avè W*. Ban nou ti akò a, sè, si nou genyen l la nan liv la. E nou pral chante kantik nou pou nou fini. E lè n ap chante premye kouplè a, n ap vire tounen, bay lanmen youn ak lòt. Trè byen. Ban nou akò a.

...Non Jezi avèk ou,  
 Timoun nan lapenn ak malè;  
 L ap ba w jwa ak rekofò,  
 Pran Li tout kote w ale.

Non presye, O ala dous!  
 Espwa latè ak jwa Syèl la; (Bondye beni w, frè.)  
 Non presye, O ala dous!  
 Espwa latè ak jwa Syèl la.

Ann pran kouplè sa a kounye a:

Nan Non Jezi nou koube,  
 Tonbe ajenou nan pye L,  
 Wa dè wa n ap kouwone L nan Syèl la,  
 Lè vwayaj nou va fini. (Èske sa p ap mèveye?)  
 Presye . . . (Non Presye!) O ala dous!  
 Espwa latè ak jwa Syèl la;  
 Non presye, (Non presye!) O ala dous!  
 Espwa latè ak jwa . . .

<sup>134</sup> Konbyen moun ki sonje ti kantik nou te konn chante a, *Pa Bliye Priyè Fanmi A?* Nou sonje li? M pa . . . Thelma, si w konnen l, èske ou konn akò a, ou pa? Ann eseye l yon fwa. Ou pa sonje l?  
 Annou . . . Petèt m ta ka eseye l yon fwa avèk nou.

Pa blyie priyè fanmi an,  
 Jezi vle jwenn nou la;  
 L ap okipe l de tout bezwen nou,  
 O, pa blyie priyè fanmi an.

<sup>135</sup> Konbyen moun ki priye ak fanmi l? Se byen. Ann eseye l ankò.  
 Ann reprann li la. M renmen sa. Tout moun ansanm kounye a:

Pa—pa blyie priyè fanmi an,  
 Jezi vle jwenn nou la;  
 L ap okipe l de tout bezwen nou,  
 O, pa blyie priyè fanmi an.

<sup>136</sup> O Seyè, sa ekri nan Lèzekriti, ke yo te pran mouchwa oswa tabliye ki te touche kò Pòl, e movèz espri te pati kite moun yo, epi maladi yo te geri. Nou priye, O Seyè, ke menm jan an, aswè a, sa va parèt sou moun sa yo, alòske m ap voye yo bay sa k nan bezwen ak malad yo. Deyò kèkpa nan peyi a, gen yon moun k ap tann epi an atant pou sa fèt. M priye, Papa, ke W va akòde l nan Non Jezi, Pitit Ou a. Amèn.

<sup>137</sup> Kounye a m ap mande, pandan nou bese tèt nou, si trè presye Frè Smith nou an lòtbò a, ki soti nan Legliz de Dye, ke nou konsidere, jis tankou frè Neville nou an isit la, kòm on sèvitè Bondye, ki lwayal, fidèl, M ap mande l pou l pwononse benediksyon sou nou, pou kontinye nan semèn k ap vini an. Ke Bondye beni nou, jiskaske nou rankontre w ankò. Frè Smith.

[Frè Smith priye—Editè a.] Wi, Seyè. Akòde l, Seyè. Wi. Wi. Wi. Wi. Amèn.

<sup>138</sup> Bay lanmen youn ak lòt. Byenvini ankò, nan tabènak la. Ke Bondye beni nou. 

59-0510E Kiyès Sa a?  
Branham Tabènak  
Jeffersonville, Indiana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete 1 sou entènèt, ni anpile 1 sou yon lòt fòm, ni tradui 1 nan lòt lang, osinon itilize 1 pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)